Kitab Suci Bocah

nyuguhaké

Penggedhe Pedalemané Gusti Nemoni Yésus

Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Byron Unger, Lazarus
Alastair Paterson

Dibesut déning: M. Maillot, Sarah S.

Diterjemahaké déning: Maryudha

Diproduksi déning: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.
Kowé duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,
waton ora kanggo diedol.

Nalika Gusti Yésus tindak menyang Padalemane Gusti ing sawijining dina, Panjenengané nemoni wong-wong padha ngremehake Pedalemane Gusti. Padha dodolan kewan lan ijol-ijolan dhuwit ing Padalemane Gusti!

Gusti Yésus nundhungi wong-wong sing dodol metu sangka Padalemane Gusti. "Gowoo kabeh barang-barang iki," dhawuhe. "Aja gawe Omahe Bapakku dadi papan usaha." Yésus tresna marang Omahé Bapaké.



Para penggedhe mau njaluk tandha kanggo nduduhké nèk Yésus nduwèni hak ngresiki Pedalemane Gusti. Gusti Yésus semaur: "Ambrukno Pedalemane Gusti iki, Aku bakal ngedekké sakjroné telung dina. Mokal! Padaleman Suci butuh patang puluh nem taun kanggo mbangun.

Nanging Gusti Yésus ngandika bab Awak dhéwé. Kaya Pedalemané Gusti, Awaké dadi Padalemané Gusti Allah. Sanadyan Gusti Yésus bakal sedo ing kayu salib, Dhèwèké ngerti yen Gusti Allah bakal nangekake saka pati ing telung dina.



Ing wayah bengi, salah siji pengedhe Pedalemane Gusti nemoni Yésus. Dhèwèké ngerti kanthi mukjijat yen Gusti Yésus saka dening Gusti Allah. Nikodémus nemoni Yésus kanggo sinau luwih akèh bab Gusti Allah.

Yésus kandha marang Nikodémus nèk wong-wong kudu dilairké manèh supaya iso mlebu Kratoné Gusti Allah. Nikodémus ora ngerti. Kepiye carane wong diwasa bisa dadi bayi maneh? Padahal dhèwèké ahli agama. Apa iku ora cukup?

"Sing lair saka roh iku roh," Gusti Yésus nerangake. "Roh Allah iku kaya angin. Wong ora weruh utawa ngerti angin. Dhèwèké mung iso ndeleng apa sing ditindakake angin."

Yésus ngélingké Nikodémus bab wong-wong Israèl sing ngeluh marang Musa biyèn. "Kita ora duwe pangan, ora ana banyu, lan kita sengit karo roti sing diwenehake dening Gusti Allah marang kita," padha sesambat.

Dosa wong-wong kuwi agawé Gusti Allah duka. Panjenengané ngutus ula mandi ing antarané wong-wong mau. Ula-ula padha nyokot wong-wong mau. Akeh sing mati.

"Kita wis dosa.
Ndedongaa supaya GUSTI ALLAH nyingkirake ula-ula iku," panjaluke wong-wong mau. Mulané Musa ndedonga kanggo wong-wong mau. Nanging Gusti Allah ora nyingkirake ula-ula kuwi.

Gusti Allah dhawuh marang Musa kanggo nggawe ula tiron lan dipasang ing cagak. "Saben wong sing dicokot bakal urip nalika ndeleng ula ing cagak," janji Gusti Allah. Musa nggawe ula saka tembaga, lan wong-wong sing ndeleng ula mau padha mari.

Yésus kandha marang
Nikodémus nèk Putraning
Manungsa kudu diangkat
kaya ula tembaga. Gusti
Yésus ngandika bab
salib ing ngendi
Panjenengané bakal
seda kanggo
wong dosa.

Yésus kandha, "Gusti Allah anggoné ngasihi marang jagad iki nganti masrahké Kang Putra ontang-anting, ... "

"... supaya saben wong kang
pracaya marang
Panjenengané aja nganti
mati, nanging nduwèni
urip langgeng
sak lawase."

Kuwi tegesé sapa waé
sing pracaya marang
Gusti Yésus wis lair
dadi keluargané
Gusti Allah.

Mbok menowo Nikodémus ora dadi muridé Yésus ing bengi kuwi. Nanging pirang-pirang taun sakwisé kuwi, Nikodémus nduduhké nèk dhèwèké nresnani lan pracaya marang Yésus kanthi cara mbantu ngubur Putrané Gusti Allah sing disalib.

Sakwisé kuwi Gusti Yésus lan murid-muridé budhal menyang lor. Wong liya kudu krungu bab Kratoné Allah, lan nduwé kesempatan kanggo pracaya marang Yésus saka Nasarèt, Putrané Gusti Allah.

Penggedhe Pedalemané Gusti Nemoni Yésus

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Yokanan 2-3, Wilangan 21

"'Kawedharipun pangandika Paduka punika madhangi'." Jabur 119:130

Cunthel

Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsa yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowé, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggale, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yésus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné:
Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal ing wekdal punika, lan bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Macaa Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16